

POLITIK LEKÒL PIBLIK BOSTON SOU MASK AK TÈS DEPISTAJ POU COVID-19
ANE SKOLÈ 2021-2022

Mask

Tout elèv ak anplwaye BPS yo, kèlkeswa estati vaksinasyon yo, pral oblije mete mask pandan yo andedan bilding lekòl ak pandan transpò sou bis jòn yo lè yo tounen lekòl an septanm.

Fòk ou mete yon mask ki kouvri nen w ak bouch ou. Tanpri gade [isi](#) pou direktiv sou mask ki akseptab yo, Mask yo p ap obligatwa depi nou ranfòse distansasyon sosyal apwopriye:

- pandan pòz mask;
- pandan w ap manje oswa bwè;
- pandan ou deyò a

Se fanmi elèv la ki pou founi mask la pou elèv la. Anplwaye yo responsab pou yo founi kouvèti vizaj pa yo. Distri a pral founi kouvèti vizaj jetab pou endive ki rive nan yon bilding, oswa monte transpò skolè, ki pa genyen youn.

Si genyen elèv ki an vyolasyon politik sa a, lidè lekòl la pral konsilte avèk paran/responsab yo, Sèvis Sante, ak/oswa Biwo Edikasyon Spesyal la, jan sa aplikab, pou detèmine si yon eksepsyon apwopriye, oubyen si elèv la pral sibi disiplin pwogresif konfòme avèk Kòd Kondwit BPS la. Nou pral jere vyolasyon politik sa a pa anplwaye yo nan menm manyè a ak lòt vyolasyon politik Lekòl Piblik Boston yo.

Nou pral founi vizitè nou pèmèt antre andedan bilding lekòl ki an vyolasyon politik sa a ak yon mask ki akseptab pou yo mete pandan yo andedan lekòl la oswa lòt enstalasyon BPS la. Nou pral mande vizitè ki refize mete mask oswa retire mask la pandan vizit yo pou yo kite lokal la.

Egzansyon pou Mask yo

Mask yo p ap obligatwa pou elèv ki genyen yon pwoblèm medikal, konpòtmantal oswa lòt pwoblèm ki fè li danjere pou yo mete mask oswa kouvèti vizaj. Ekran fasyal oswa baryè fizik kapab bay yon altènatif a mask kòm yon egzansyon nan kèk enstans, epi sa sibi pwosesis apwobasyon ki dekri anba a.

Yon lèt alekri nan men yon doktè obligatwa pou yon egzansyon yon moun mande. Nou kapab akòde egzansyon san lèt nan men yon doktè pou elèv ki genyen yon IEP oswa plan 504 ki refere a kapasite yo pou yo mete mask oswa ki dokimante yon kondisyon medikal/sanità oswa

andikap ki, pa nati li, fè mete kouvèti vizaj danjere pou elèv la.

Lidè lekòl la oblije apwouve egzansyon yo an konsiltasyon avèk enfimyè lekòl la, Senyò Direktè Sèvis Sante a, Biwo Edikasyon Spesyal (si sa aplikab) epi, si li apwopriye, Komisyon Sante Piblik Boston an. Fòk nou mete tout egzansyon pou mask yo nan Aspen. Enfimyè lekòl la oswa lidè lekòl la pral kenbe yon lis elèv ki gen egzansyon nan mete mask, epi yo pral notifiye pwofesè yo ki genyen yon elèv ki te resevwa yon egzansyon. Jiskaske yon dispans egzansyon apwouve, fòk elèv yo konfòme avèk tèm jeneral yo nan politik BPS la sou mask yo.

Pou atletik, Lekòl Piblik Boston pral swiv direktiv sou mask ki pi aktyèl ki pibliye pa Asosyasyon Atletik Entèskolè Massachusetts la (“MIAA”). Patisipan ak spektatè yo pral oblije mete mask pandan evènman atletik ki fèt andedan.

Tès Depistaj pou COVID-19

Lekòl Piblik Boston pral ofri tès depistaj pou COVID-19 an gwoup ki gratis, volontè, ak konfidansyèl nan lekòl yo pou elèv yo ak anplwaye yo pou Ane Skolè 2021-2022 an. BPS fòtman ankouraje tout elèv ak anplwaye yo, kèlkeswa estati vaksinasyon yo, pou yo patisipe nan pwogram tès depistaj an gwoup la. Plis moun ki teste regilyèman, pi bon done nou genyen. Fòk paran/responsab/gadyen yo ranpli yon [fòmilè konsantman](#) pou elèv pa yo elijib pou tès depistaj an gwoup yo. Chak fanmi pral resevwa yon lyen a fòmilè sa a pou chak elèv.

- Genyen twa strateji prensipal pou tès depistaj pou COVID-19 nan lekòl nou yo, ki opere pa patnè nou yo nan CIC Health:
 - **Tès Depistaj pou COVID an Gwoup Woutin** – Avèk [konsantman](#) fanmi yo ak anplwaye yo, lekòl yo pral bay tès depistaj pou COVID-19 chak semèn pou yon echantyon popilasyon an (“gwoup” la). Si genyen yon ka “gwoup” pozitif, nou pral teste chak echantyon endividyèl nan gwoup pozitif la avèk yon tès depistaj swivi.
 - **Tès depistaj pou elèv ki genyen sentòm COVID-19** – Nenpòt elèv ki plenyen de nenpòt nan sentòm COVID-19 yo pral genyen aksè a yon tès depistaj rapid. Desizyon sou pwochen etap yo baze sou rezilta tès depistaj la.
 - **Test and Stay** – Entwodwi pa Ministè Edikasyon Primè ak Segondè a, test and stay pèmèt endividi ki idantifye kòm yon kontak sere yon ka ki konfime pozitif pou yo rete andan lekòl avèk tès depistaj chak jou pandan 7 jou, si yo pa genyen okèn sentòm. Founisè tès depistaj klinik BPS la, CIC Health, pral deplwaye yon ekip ki pral jere tès depistaj chak jou yo pou moun ki kalifye yo.